



Pou Piblikasyon Imedya: 17/11/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE DISPONIBLITE 5 MILYON DOLA KÒM  
SIBVANSYON POU TI BIZNIS NAN ANBA LAVIL NIAGARA FALLS**

***Aplikasyon pou jiska 100,000 dola nan sibvansyon endividyèl yo disponib kounye  
a pou biznis ki elijib yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke aplikasyon yo disponib pou pwogram Amelyorasyon Pwopriyete Ti Biznis nan Niagara Falls yo. Pwogram 5 milyon dola a pral bay sibvansyon jiska 50 pousan nan depans total pwojè a, jiska 100,000 dola pou chak pwopriyete, pou ti biznis ki elijib yo pou ankouraje revitalizasyon distri komèsyal tradisyonèl pou itilizasyon miks yo. Fon pou ti biznis ak mèt pwopriyete yo ka itilize pou amelyorasyon komèsyal tankou restorasyon fasad ak lòt amelyorasyon bilding pou itilizasyon miks. Elijibilite a baze, an pati, sou si yon biznis twouve li nan distri pwogram ki deziyen an. Pou lòt direktiv ak pou w aplike, klike [isit la](#). Pwogram nan jwenn finansman atravè [Patenarya Revitalizasyon Rejyonal](#) la, yon envestisman pataje prive ak piblik rejyonal 300 milyon dola nan twa zòn jewografik ki entèkonekte: Buffalo, Niagara Falls ak Rochester.

"Vil Niagara Falls ap pran elan ankò, epi grasa patenarya piblik-prive avèk Ralph C. Wilson Jr. Foundation ak lòt antite prive ki bay finansman, n ap pran yon apwòch kolaboratif pou ranfòse koridò komèsyal yo nan Niagara Falls", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Sibvansyon pou ti biznis sa yo pral ede kontinye revitalizasyon konstan anba lavil Niagara Falls nan amelyore klima biznis la, ogmante opòtinite pou itilizasyon miks, epi pote lavi pou vitrin ki vid yo".

**Majistra Niagara Falls la, Robert Restaino, te deklare**, "Nou eksprime rekonesans nou bay Gouvènè Hochul ak Fondasyon Ralph C. Wilson Jr., ansanm ak patnè prive nou yo, pou angajman yo nan ede amelyore Niagara Falls. Pwogram Amelyorasyon Pwopriyete Ti Biznis Niagara Falls la pral ede pote yon transfòmasyon ekonomik ki baze sou kominote a ki pral non sèlman revitalize biznis yo men tou ki pral bati yon avni ki pi briyan ak ekita".

**David Egner, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, FRalph C. Wilson, Jr. Foundation, te deklare**, "Envesti nan antreprenarya ak sipò pou ti biznis, ak devlopman ekonomik ki baze sou lokal se yon priyorite kle pou nou atravè Lwès New York. Ti biznis k ap pwospere yo kreye kominote k ap pwospere epi ede reflekte ak ranfòse kilti ak ekonomi lokal yo. Nou kwè Pwogram Amelyorasyon Pwopriyete Ti Biznis

nan Niagara Falls ka fè yon diferans lè li priorize revitalizasyon ti biznis yo pou ka kreye yon enpak dirab pou jenerasyon yo".

Empire State Development (ESD) te deja chwazi NFC Development Corporation (NFC) pou sèvi kòm Administratè Pwogram Lokal pou debouse lajan nan kad Pwogram Amelyorasyon Pwopriyete Ti Biznis Niagara Falls la. Sibvansyon yo bay yo pral finanse amelyorasyon nan bilding ak pwopriyete ki sitiye nan [zòn sib](#) yo; ak prim endividyèl pou ti biznis yo ak mèt pwopriyete yo ka varye nan anplè ak depans tou depann de bezwen patikilye pwojè a ak eleman ki elijib yo. NFC pral responsab zòn sib espesifik yo (sa vle di, Pine Avenue, Main Street, ak Portage Road), pandan ke USA Niagara Development Corporation (USAN), yon filyal ESD, pral anplwaye aktivite nan zòn sib yo kote USAN ap antreprann kounye a aktivite devlopman ekonomik, tankou nan Distri Devlopman Anba Lavil USAN. Pwogram nan fèt dapre pwogram Main Street Eta New York la epi yo pral adapte l pou pi byen fasilite patisipasyon biznis nan zòn sib sa yo.

Mèt biznis ak pwopriyete yo ki gen kesyon ka rezève nan lè biwo avèk konsiltan administratif NFSBPIP la, Tanya Zwahlen, nan Highland Planning, nan <https://calendly.com/tanya-zwahlen/nfsbpip> oswa yo ka pran randevou lè yo rele 585-286-7877.

Investisman total eta a pou pwogram sa a se 3 milyon avèk òganizasyon filantwopik ak antrepriz ki angaje yo pou kontribiye 2 milyon dola ki rete a nan montan total finansman an, pou yo itilize pou toude sibvansyon kapital ak sipò operasyonèl NFC.

Patenarya pou Revitalizasyon Rejyonal la te devlope an kolaborasyon avèk Gouvènè Eta New York Kathy Hochul ak Empire State Development epi li jwenn sipò Ralph C. Wilson, Jr. Foundation, Farash Foundation, ESL, KeyBank/First Niagara Foundation, M&T Bank ak patnè yo nan vil Buffalo, Niagara Falls ak Rochester.

### **Enfòmasyon sou Devlopman Kòporasyon Niagara USA (USA Niagara Development Corporation)**

USAN, yon sikisal Empire State Development, la sèlman pou l sipòte ak fè pwomosyon inisyativ devlopman ekonomik nan Niagara Falls grasa mobilizasyon investisman prive ak ankourajman kwasans ak renouvèlman sektè touris la nan Vil Niagara Falls. Pou plis enfòmasyon, vizite <https://esd.ny.gov/usa-niagara-development-corporation-6>.

### **Enfòmasyon sou NFC Development Corporation**

NFC se yon sosyete san bi likratif ke Vil Niagara Falls kreye pou bay pwogram ki soulaje ak diminye chomaj; amelyore ak kenbe opòtinite travay; bay èd pou atire nouvo biznis oswa kenbe biznis ak endistri; sipòte/bay èd pou enkyetid ti biznis; resevwa sibvansyon/prè nan lide pou sipòte ak ede ti biznis yo; epi antre nan alyans, prè, ak akò ki nesèsè avèk ti biznis yo, tout sa yo pou ankouraje devlopman ekonomik nan Niagara Falls.

### **Enfòmasyon sou Patenarya Revitalizasyon Rejyonal la:**

Patenarya pou Revitalizasyon Rejyonal (Regional Revitalization Partnership, RRP) se yon estrateji devlopman ekonomik konplè 300 milyon dola ak patenarya piblik-prive ki maksimize enpak ak ogmante investisman adisyonèl pou Kot Lès Buffalo, Niagara Falls ak Rochester. Estrateji kolaborasyon sa a ki baze sou kominote a itilize yon apwòch global, enklizif nan devlopman ekonomik epi li fèt pou konstwi richès kominote a atravè plizyè chemen. RRP a te devlope an kolaborasyon avèk Gouvènè Eta New York Kathy Hochul ak Empire State Development (ESD) epi li jwenn sipò Ralph C. Wilson, Jr. Foundation, Farash Foundation, ESL, KeyBank/First Niagara Foundation, M&T Bank ak patnè yo nan vil Buffalo, Niagara Falls ak Rochester.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)